STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 26 desanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON $14,5 MILYON POU AGRANDI SÈVIS TRANSMISYON bann LAJ ATRAVÈ ETA NEW YORK

Sibvansyon yo pral Founi Sèvis Transmisyon bann Laj pou Anviwon 30.000 Kay ak 2.000 Biznis

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Empire State Development (ESD) apwouve plis pase $14,5 milyon nan Sibvansyon pou Transmisyon bann Laj Eta New York pou sipòte nèf pwojè ki pral agrandi sèvis transmisyon bann laj pou anviwon 30.000 rezidan ak plis pase 2.000 biznis atravè Rejyon Nò New York, san bliye zòn Capital Region, Western New York, Finger Lakes, Southern Tier, Central New York, North Country ak Mohawk Valley. Sa gen ladann premye sibvansyon pou transmisyon bann laj yo ki pou apwouve nan pwogram Sibvansyon bann Laj Connect NY $25 milyon Gouvènè a ak Sibvansyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, ki lè sa reyalize pral reprezante yon kokenn pwogrè nan ogmantasyon sèvis transmisyon bann laj pou plis pase 500.000 Nouyòkè ki te gen sèvis sa oubyen pa te gen sèvis atravè eta a.

"Aksè pou jwenn entènèt grann vitès se yon resous enpòtan anpil pou biznis ak rezidan nan ekonomi mondyal jodi a,," te deklare Gouvènè Cuomo. "Sibvansyon sa yo pral konekte kominote ki pa byen desèvi ak riral yo nan pakèt avantaj aksè laj bann yo, tankou bay biznis lokal okazyon pou yo jwenn kliyan nan lemonn antye. Pandan Eta ap travay pou l devlope ekonomi rejyon Nò a, nèf pwojè sa yo pral founi sipò ki nesesè pou atire ak kenbe biznis epi kreye dyòb pou rejyon an."

Eta a pran angajman pou l akselere pwosesis pou moun itilize teknoloji bann laj la byen fasil ak nan pri abòdab pou devlope ekonomi New York la. Pakèt avantaj ki genyen nan aksè transmisyon bann laj, tankou komès elektwonik, gouvenman elektwonik, telemedsin ak fòmasyon delwen pral kreye dyòb, amelyore swen sante, plis posiblite fòmasyon pou elèv ak pwofesè, ak amelyorasyon devlopman ekonomik.

Nèf pwojè annapre yo ap resevwa Sibvansyon pou Transmisyon bann Laj Eta New York yo:

- Open Access Fiber Network (Konte Yates) – $2.407.049
- Clarity Connect, Inc. – Tompkins and Cayuga Ubiquitous Last Mile Coverage (Yon Pakèt Konte) – $2.216.000
- Slic Network Solutions, Inc. – Schroon Lake Next Generation Broadbann (Konte Essex) – $2.162.656
- New Visions Communications – Parish Broadbann (Konte Oswego) – $1.999.584

- MTC Cable – MTC Broadbann Build Out (Yon Pakèt Konte) – $1.800.000
- Slic Network Solutions, Inc. – Schroon Lake Next Generation Broadbann (Konte Franklin) – $1.012.366
- Slic Network Solutions, Inc. – Lyon Mountain Broadbann (Konte Clinton) – $976.426
- Southern Tier West Development Foundation – Southern Tier Broadbann (Yon Pakèt Konte) – $672.452
- Slic Network Solutions, Inc. – Long Lake Next Generation Broadbann (Konte Hamilton) – $1.370.306

Ansanm, nèf pwojè yo pral bay sèvis transmisyon bann laj pou 29.117 kay, 2.052 biznis, ak 236 enstitisyon ankraj kominotè, epi pral bay 614 mayl nouvo fib.

Pi fò finansman sibvansyon pral ale nan "dènye-mayl" sèvis transmisyon bann laj la, sa ki vle di pwojè yo pral bay koneksyon entènèt gwo vitès dirèk bay Nouyòkè. Dènye-mayl la se pòsyon ki pi chè a nan yon rezo bann laj, epi souvantfwa anpeche yon pakèt rezidan riral resevwa sèvis bann laj, menm lè sèvis la disponib toupre lakay yo.

"Envestisman enpòtan anpil sa yo nan agrandisman transmisyon bann laj ap pèmèt nou bay tout Nouyòkè ak biznis aksè byen vit pou rive sou sipè otowout enfòmasyon an," te deklare Prezidan, Direktè Egzekitif ak Komisyonè Kenneth Adams. "Entènèt gran vitès se yon zouti pisan pou devlopman ekonomik, kap pèmèt biznis jwenn ak konekte nan mache atravè eta ak lemonn antye. Pwojè sa yo pral fè biznis nou yo vin pi solid epi New York ap pi konpetitif sou mache nasyonal ak entènasyonal yo, epi pral bay pi gwo opòtinite ekonomik ak plis dyòb pou Nouyòkè."

Dèske li rekonèt sèvis transmisyon bann plat vital pou devlopman ekonomi eta a, nan mwa septanm 2012, Gouvènè Cuomo te angaje $25 milyon pou finanse agrandisman entènèt gwo vitès nan rejyon nò ak zòn iben ki pa desèvi ase yo atravè Pwogram Sibvansyon Transmisyon bann Laj Connect NY la.

Sibvansyon Connect NY $25 milyon yo, mete sou lòt finansman atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pou fè teknoloji ak sèvis transmisyon bann laj yo pwogrese – tankou yon lòt $11milyon atravè Seri III sibvansyon REDC yo – fè montan total lajan ki bay pou pwojè transmisyon bann laj yo sou administrasyon Gouvènè Cuomo a depase $68 milyon. Angajman administrasyon Cuomo a pran atravè Connect NY ak REDC yo reprezante pi gwo envestisman dirèk finansman eta a nan ogmante aksè transmisyon bann laj nan peyi Etazini.

Avèk plis pase 500.000 Nouyòkè ki pa kapab jwenn sèvis Entènèt bann laj, ak yon lòt sis (6) milyon ki gen gwo pwoblèm pou konekte nan Entènèt, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo te wè ogmantasyon entènèt gwo vitès kòm yon priyorite enpòtan pou ankouraje kwasans biznis lokal yo. Sibvansyon pou Entènèt bann laj, tankou Connect NY, ap sipòte envestisman founisè sèvis yo nan kominote yo, epitou l ap ede sipòte devlopman ekonomik nan chak rejyon avèk agrandisman kapasite biznis lokal yo pou jwenn kliyan yo sou plan mondyal.

Haitian Creole

Y ap bay sibvansyon yo nan rejyon yo pou konpayi sèvis Entènèt epi nan tèt ansanm avèk gouvènman lokal yo ak òganizasyon devlopman ekonomik yo.

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo djòb ak opòtinite ekonomik, ogmante revni pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan prete yo, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm bourad lajan, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon djòb, epitou pou sipòte kominote pwospè yo nan Eta New York. ESD se ajans administratif prensipal k ap sipèvize Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo yo ak maketing mak touris ikonik "I Love NY" Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418